

Sa Kap Pase ak Tibebe W La?

Devlopman Tibebe W la



Vizit 1 Mwa

Premye mwa lavi tibebe w la pèmèt li aprann santi l ansekirite nan mond lan.

1–2 MWA: Sa Kap Pase?

Kisa Tibebe W La Ka Fè

Map aprann konnen ou menm ak lòt moun ki renmen m e ki pran swen m.



- Mwen rekonèt vizaj ou, vwa w ak odè w.
- Mwen souri ba ou anretou e mwen reyaji lè w touche m.

Mwen aprann fè w konfyans lè w rekonfòte m lè m ap kriye.

- Souvan mwen sispann kriye lè yo kenbe m ak kalme m, men pafwa mwen pa sispann kriye.
- Pafwa mwen kontinye kriye, men sa pa vle di se yon bagay ou pa fè kòrèkteman.
- Mwen ka renmen pou yo kwoke m, voye m anlè pou atrap mwen oswa fè m balanse sou yon balanswa pou tibebe.

Kisa Ou Ka Fè

Pale epi chante pou tibebe w la. Sa ede l santi yo renmen l e li ede l atache avèk ou.



Kenbe tibebe w la. Eseye fè kontak po a po ak ti pitit ou a.

Sonje ke w pa ka gate yon tibebe.

Li Nòmal pou pran tibebe w la chak fwa li kriye. Li nòmal tou pou w fin fè sa wap fè a pandan wap pale avèk li pou w rekonfòte l adistans. Di, "Mwen la. Map lave men m epi map vini."

Sa ap ede tibebe a kalme si ou ka rete kalm. Si tibebe w la pa sispann kriye epi ou te eseye fè tout sa w kapab, pa enkyete w. Menm si ou jis kenbe l ak rekonfòte l, wap anseye l ke wap reponn ak bezwen li yo.

Lè wap itilize feyè HealthySteps yo, sonje ke pitit ou a ka devlope ladrès pi vit oswa pi lantman pase sa ki make nan feyè yo e atoutsa lap grandi trè byen. Chak timoun devlope nan pwòp vitès pa yo. Espesyalis HealthySteps ou a ap disponib pou reponn nenpòt kesyon ou genyen. Kwayans ak valè kiltirèl fanmi w se faktè enpòtan tou ki fasonnen devlopman pitit ou a.

Lòt Bagay Pou w Konnen ak Eseye

- ❑ Si tibebe w la kriye anpil, pale avèk doktè swen pedyatrik prensipal tibebe w la. Kriye ka vle di yon pwoblèm medikal. Li ta ka yon sansiblite alimantè, brili lestomak oswa yon lòt pwoblèm fizik.
- ❑ Eseye diferan pozisyon pou tibebe w la. Eseye mete l kouche sou vant sou jenou w epi fwote do l. Eseye anmayote l. Sa fè l sonje lè li te nan vant!
- ❑ Eseye fè mouvman. Lè w fè tibebe w la sote sa ka fè l kriye mwens.¹
- ❑ Itilize son ki apezan. Pale oswa chante tou dousman pou tibebe w la. Eseye pale tou piti nan zòrèy li oswa louveri yon vantilatè.
- ❑ Diminye nan tout bagay: limyè yo, son yo ak teksti yo. Pafwa mwens bagay pi bon e sa vle di mwens kriye pou tibebe.
- ❑ Chèche jwenn sipò. Mande fanmi w ak zanmi w pou yo ba ou yon koutmen. Tout moun bezwen sipò!
- ❑ Rete kalm. Lè w kalm, sa ede tibebe w la klame. Si w santi w fristre, mete tibebe w la kouche sou do nan yon espas ki san danje—tankou bèso a. Pran yon ti repo. Kriye pap fè tibebe w la mal e lè w pran yon poz sa ap pèmèt ou soulaje yon lòt moun ki trè enpòtan...ou menm!
- ❑ Pa abandone. Ou aprann apeze tibebe w la lè w eseye ak lè w fè erè. Si yon bagay pa mache, eseye yon lòt. Pèsevere e ofinal kriye yo ap sispann.



Pandan vizit sa a, ekip pedyatrik la ap mezire longè, pwa ak sikonferans tèt tibebe w la. Yo pral koute batman kè tibebe w la epi egzamine je, zòrèy, nen ak bouch li. Tibebe w la pral pran tout vaksen ki nesèsè yo. Nou pral pale sou devlopman ak abitud tibebe w la, tankou dòmi ak manje. Nou pral revize tou konsèy sekirite yo. Epi, byennantandi, nou pral pran tan pou diskite sou nenpòt kesyon oswa enkyetid ou ka genyen!

1. [healthychildren.org/English/ages-stages/baby/crying-colic](https://www.healthychildren.org/English/ages-stages/baby/crying-colic)